





Rekiperasyon aprè maladi grav ak COVID-19



Moun ka yo te grav anpil a koz de COVID-19 la, ap bezwen reyabilitasyon pou yo retounen nan nòm al yo aprè efè vantilasyon/ sipò oksijèn, fè anpil tan san bouje, rete kouche sou kabann. Yo ka genyen:



- pwoblèm nan jan **poumon yo fonksyone**
- **Feblès miskilè**
- Jwenti **rèd**
- Fatig
- Difikilte pou fè **mouvman** epi pou yo fè aktivite yo te konn fè chak jou
- Depale epi **twoub konesans**
- Difikilte pou yo **vale**, oubyen pou yo pale
- Maladi **sante mantal** epi yo ka bezwen sipò sikososal



Fizyoterapi ka jwe yon wòl enpòtan nan reyabilitasyon moun ki te malad anpil ak COVID-19 nan yon lopital oswa lòt anviwònman. Gen anpil chans pou moun sa yo genyen limitasyon nan kò yo, emosyonèlman, nan fonksyonman mantal ak / oswa sosyal yo.

Fizyoterapet yo enpòtan anpil nan reyabilitasyon bonè ak kontinyèl pou moun ki te malad grav anba COVID-19. Yo ka ede ak:

Li pran tan pou nou retabli de yon maladi grav - yon fizyoterapet ap kapab gide ou nan pwosesis la epi bay priyorite a objektif ki enpòtan pou ou. Yo menm avèk lòt pwofesyonèl nan domèn sante a ap travay ansanm pou sipòte'w nan bezwen'w.

- **mobilizasyon** bonè epi rekòmanse bouje.
- Ti **egzèsis** senp.
- Retounen nan fè **aktivite ke nou te konn fè chak jou**
- **Rekiperasyon** fonksyon poumon yo
- Jere **souf kout**
- Ede nou fè fas a **fatig**
- Jwenn on balans ant rete **aktif** avèk pran **repo**



Yon fizyoterapet ka ede'w nan fè egzèsis, epi enkòpore aktivite fizik pou'w ka retounen nan aktivite nòm al ou.

Sendwòm fatig aprè viris la (SFAV)

Plis pase 10% moun ki te gen viris la ka devlope sendwòm fatig aprè viris. Si'w pa santi w'ap refè oubyen si kèk aktivite fè'w santi'w pi mal, pale avèk fizyoterapet ou oubyen avèk doktè'w epi mande pou yo verifie si e pa sentòm (SFAV) ou genyen. Tretman pou moun ki souffri SFAV diferan de lòt yo.



World Physiotherapy

www.world.physio/wptday